




RÈGLEMAN AK PWOSEDI KONJE PARANTAL – Nan Tout Eta a	
DHR-STW-Politik #: DHR-STW-409.1	Otorite: 29 Del.C. §§ 5120, 5253 (HB 4 from 150 th GA)
Dat Efektiv: 28 me, 2024	Dat Revizyon: 28 me, 2024
Ranplase: 1 Avril 2021; 1 Avril, 2019	Sigyati: 
Aplikasyon: Branch Ajans Ekzekitif yo	

1. Deklarasyon Objektif Règleman

Deklarasyon sa a tabli règleman ak pwozedi Eta Delaware pou itilize Konje Parantal. Eta a rekonèt enpòtans pou kenbe yon mendèv ki an sante ak bay estabilite ekonomik pou anplwaye yo pandan premye swen ak lyezon ak timoun yo. Benefis konje sa a pral ede Eta a kenbe mendèv aktyèl li a epi atire nouvo anplwaye nan sèvis piblik.

2. Dimansyon

Règleman sa a aplike pou anplwaye apentan ki elijib yo lè nesans, adopsyon legal, oswa adopsyon yon timoun ki gen sis (6) lane oswa pi piti. Règleman sa a ap anvigè pou nesans elijib, plasman adopsyon legal, ak adopsyon legal **ki fèt nan dat oswa apre 1ye Avril 2021**.

3. Definisyon ak Akwonim

- **Adopsyon** – Adopsyon legal konfime pa yon dekrè oswa plasman adopsyon legal konfime pa yon akò adopsyon oswa lòt verifikasyon alekri akseptab pou yon timoun sis (6) ane oswa pi piti, isit la ak apre, adopsyon dwe refere a adopsyon legal ak plasman adopsyon legal.
- **Semèn Kalandriye** – Orè yon anplwaye regilyèman pwograme nan peryòd sèt (7) jou ki pa enkli lè siplemantè. Jou Ferye oswa Kondisyon Meteyo Grav ak Deklarasyon Ijans ki fèt pandan yon semèn lè yo pran Konje Parantal yo p ap pwolonje tan Konje Parantal la.
- **DSCYF** –Depatman Sèvis pou Timoun, Jèn ak Fanmi yo (Department of Services for Children, Youth and their Families).
- **Anplwaye Elijib** – Nenpòt anplwaye apentan ki te travay nan Eta a plen tan pou omwen 12 mwa kontinyèl apati dat nesans pitit li oswa nan dat adopsyon yon timoun sis (6) ane ki gen laj oswa pi piti.
- **Ak sou Konje pou Fanmi ak Medikal [Family and Medical Leave Act (FMLA)]** se yon lwa Federal ki pèmèt anplwaye ki elijib yo nan anplwayè ki garanti yo pran konje ki pa peye, ki pwoteje travay pou rezon espesifik fanmi ak medikal ak kontinyasyon kouvèti asirans sante gwoup anba menm tèm ak kondisyon tankou anplwaye pa t pran konje.

- **Swen Adoptif (Foster Care)** – yon moun oswa yon koup ki te apwouve pa DSCYF oswa yon ajans ki gen lisans pou bay swen adoptif an echanj pou peman swen adoptif DSCYF oswa yon ajans ki gen lisans.¹
- **Aplentan (Full-time)** – Yon anplwaye ki travay pou yon ajans Branch Egzekitif 37.5- oswa 40.0 èdtan nan yon semèn travay, lòt estati Eta a plen tan oswa lòt ekivalan ki pèmi dapre Ak sou Estanda Travay Federal (Federal Labor Standards Act) la e ki apwouve pa Eta a.
- **Plasman Adopsyon Legal** - Seleksyon yon fanmi apwouve pou timoun nan; aranjman pou timoun nan deplase nan yon kay adoptif; oswa demenajman timoun nan ak yon fanmi adoptif ki fèt sèlman pa DSCYF oswa yon ajans ki gen lisans oswa yon ajans otorize.²
- **Plizyè Nesans/Adopsyon** – Plis pase yon tibebe ki fèt nan menm gwosès la; plis pase yon timoun ki gen sis (6) ane oswa pi piti yo te adopte nan menm dat adopsyon an.
- **Paran** – Yon anplwaye ki se paran legal yon tibebe ki fèk fèt, yon plasman ki fèk adopte, oswa yon timoun ki fèk adopte sis (6) ane oswa mwens jan sa parèt sou yon dokiman legal.
- **Konje Parantal** – 12 semèn kalandriye konje peye pou pran swen oswa fè lyezon ak yon tibebe ki fèk fèt oswa pran swen oswa pou lyezon ak yon timoun ki fèk adopte oswa nouvo plasman legal pou adopsyon ki gen sis (6) ane oswa pi piti.
- **Andikap Tèm Kout [Short-Term Disability (STD)]** – Yon pwogram Eta ki bay anplwaye ki enskri nan Pwogram Asirans Andikap [Disability Insurance Program (DIP)] ak ranplasman pasyèl revni pou jiska 182 jou kalandriye si anplwaye a vin andikape akòz yon aksidan ki kouvri, maladi oswa gwosès.

4. Règleman

- a. Eta Delaware ofri jiska 12 semèn kalandriye Konje Parantal peye pou anplwaye ki elijib yo lè anplwaye a bay nesans a yon pitit, oswa lè anplwaye a adopte yon timoun ki gen sis (6) ane oswa pi piti. Konje Parantal dapre règleman sa a woule an menm tan ak Ak sou Konje pou Fanmi ak Medikal (FMLA) ak benefis Andikap Tèm Kout (STD), jan sa aplikab. Dwa pou Konje Parantal la ap ekspire nan fen peryòd 12 mwa ki kòmanse nan dat nesans oswa adopsyon sa a. Yon anplwaye ki sispann travay anvan fen peryòd 12 mwa a p ap kalifye pou peman okenn Konje Parantal ki pa itilize.
- b. Li ilegal pou yon anplwayè entèfere ak, kenbe, oswa refize fè egzèsis nenpòt dwa yo bay pou itilize Konje Parantal.³
- c. Yon ajans ka pran aksyon disiplinè, jiska e enkli revokasyon, kont yon anplwaye ki sèvi ak Konje Parantal pou lòt rezon ke sa ki tabli nan règleman sa a.
- d. Dispozisyon Elijibilite Konje
 - 1) Konje paran yo dwe itilize pou rezon sa yo:
 - Pou pran swen oswa kreye lyen avèk yon timoun yon anplwaye ki kalifye ki fèk fèt;

¹ 13 Del C. § 2302 (9) “Paran Dakèy” (“Foster parent”) vle di yon moun oswa yon koup ki apwouve pa DSCYF oswa yon ajans lisansye pou bay swen dakèy an echanj pou peman swen dakèy ki bay pa DSCYF oswa yon ajans lisansye.

² 13 Del. C. § 901. Definisyon. (14) “Plase (To place)” gen ladan nenpòt nan aktivite ki swiv yo, chak nan yo ka fèt Selman pa Depatman an, yon ajans lisansye oswa yon ajans otorize: Seleksyon yon fanmi apwouve pou timoun nan; aranjman pou depasman timoun nann nan yon kay adoptif; oswa demenajman timoun nan ak yon fanmi adoptif.

³ House Bill No. 3 kòm amande pa House Amendment No. 4 ki pral an aplikasyon 1ye Avril, 2019 kòm 29 Del.C. §§ 5120, 5253.

- Pou pran swen oswa kreye lyen avèk yon timoun ki gen sis (6) ane oswa pi piti ke yon anplwaye ki elijib adopte legalman oswa mete l pou adopsyon ;
 - Pou kouvri peryòd eliminasyon an nan pwogram STD Eta a, si li elijib, lè youn (plizyè) timoun fèt;
 - Pou konplete avantaj STD Eta a, si li kalifye, pa pou depase 100% konpansasyon kreditab yon anplwaye ⁴ apre nesans yon timoun.
- 2) Anplwaye yo elijib pou 12 semèn Konje Parantal peye pou yon adopsyon legal oswa pou yon adopsyon legal pou menm timoun nan (yo) nan delè ki espesifye a.
 - 3) Konje Parantal yo ka mande nan yon peryòd tan kontinyèl (12 semèn kalandriye) oswa yo ka mande pa de (2) semèn nan tan kontinyèl (peryòd tan 2 semèn). Yo ka apwouve Konje Parantal la nan de (2) peryòd tan konsekitif semèn-kalandriye. Youn oswa plizyè peryòd 2 semèn ka mande epi apwouve (pa egzanp, kat (4) semèn, sis (6) semèn, wit (8) semèn, elatriye, nan Konje Parantal). Peryòd 2 semèn yo ka youn apre lòt oswa pa youn apre lòt. Konje Parantal yo dwe konte kòm yon jounen konplè kèlkeswa kantite èdtan yo itilize, ke yo travay oswa ki nesèsè pou konplete benefis STD yo.
 - 4) Konje Parantal woule menm tan ak FMLA ak STD, jan sa aplikab, dapre Règ ak Regilasyon Pwogram Andikap Eta a 5.1.⁵ Yon anplwaye ap elijib pou Konje Parantal menm si anplwaye a fin itilize tan FMLA li an konfòm ak lwa ki kouvri FMLA a. Si yon anplwaye vin kalifye pou FMLA pandan li sou Konje Parantal, anplwaye a dwe aplike pou epi itilize FMLA.
 - 5) Nan ka de anplwaye Eta Delaware elijib pou Konje Parantal pou menm nesans oswa adopsyon an, chak anplwaye ki kalifye yo gen dwa pou 12 semèn kalandriye Konje Parantal.
 - 6) Plizyè nesans oswa adopsyon pa ogmante longè Konje Parantal la.
 - 7) Yon anplwaye pa gen dwa itilize konje maladi akimile, konje anyèl oswa lòt konje nan plas Konje Parantal pou nesans oswa adopsyon yon timoun.
 - 8) Nan ka anplwaye a bezwen konje anvan nesans aktyèl la oswa adopsyon akòz rezon medikal oswa satisfè obligasyon legal adopsyon yo, yo dwe itilize lòt konje ki disponib dapre Règ Merit yo oswa règleman non-Merit sou konje ajans lan.
 - 9) Konje paran yo pa dwe akimile oswa yo pa dwe bay nan Donated Leave Bank oswa bay yon lòt anplwaye leta.
 - 10) Konje parantal la ekspire 12 mwa apati dat nesans oswa adopsyon an.
- e. Nan fen Konje Parantal la, Eta a pral retabli anplwaye ki elijib la nan menm pozisyon oswa yon pozisyon ekivalan, sof si gen sikonstans enprevi ki pa gen rapò ak lefèt ke anplwaye a pran konje (sa vle di, rediksyon mendèv).

⁴“Konpansasyon Kreditab” (“Creditable Compensation”), kòm defini nan Tit 29, § 5251(c), dwe siyifye to debaz konpansasyon ke anplwaye a resevwa nan dènye jou travay li anvan anplwaye a devlope yon andikap.

⁵ Obligasyon pou Ranpli Reklamasyon STD (STD Claim Filing Requirements) 5.1 Anplwaye ki enskri nan DIP la oblije ranpli yon reklamasyon STD ak konpayi asirans DIP la ak/oswa Administratè a si anplwaye a sipoze pa nan travay pou omwen 30 joun kalandriye menm si anplwaye a aplike pou ak/oswa ap resevwa benefis pèt sale [ki se, Konpansasyon Travayè (Workers’ Compensation)] ak/oswa Konje Parantal, lè nesans yon (plizyè) timoun. Yon fwa anplwaye a fini periòd eliminasyon yo an, anplwaye a pral konsidere kòm si li aplike pou benefis anba seksyon sa a epi pa dwe elijib pou itilize konje maladi peye ak/oswa konje anyèl nan plas yon aplikasyon pou STD. Anplwaye ki pa ranpli kondisyon note nan Section 9.0, pral konsidere kòm moun ki aplike pou benefis selon seksyon sa a epi pap elijib pou itilize konje maladi peye ak/oswa konje anyèl nan plas yon aplikasyon pou yon ekstansyon benefis STD yo.

5. Pwosedì

- a. Pou aplike pou Konje Parantal, yon anplwaye ki elijib dwe:
- 1) Notifye epi diskite avèk sipèvizè imedyà anplwaye a ak reprezantan resous imèn vèbalman oswa alekri demann li a pou Konje Parantal la omwen trant (30) jou davans nesans oswa adopsyon yon timoun. Lè avi trant (30) jou pa posib, anplwaye a dwe bay avi sa a pi vit ke posib.
 - 2) Ranpli Fòm Demann Konje Parantal la, Fòm FMLA yo, epi kòmanse pwosesis reklamasyon STD, jan sa aplikab. Si yo mande konje de (2) semèn, yon orè ki planifye dwe akonpaye demann lan epi apwobasyon sipèvizè a obligatw sou Fòm Demann Konje Parantal la. Soumèt fòm ki ranpli yo bay reprezantan resous imèn ajans anplwaye a.
 - 3) Notifye sipèvizè anplwaye a ak reprezantan resous imèn ajans lan vèbalman oswa alekri lè gen nesans oswa adopsyon yon timoun. Si yo fè yon notifikasyon vèbalman, demann alekri dwe swiv. Obligasyon sa a se pou tou de paran yo si tou de se anplwaye ki garanti anba règleman sa a.
 - 4) Mande absans nan travay dapre pwosedì ajans lan.
 - 5) Bay dokiman legal sou nesans oswa adopsyon yon timoun nan trant (30) jou apre nesans oswa adopsyon an oswa le pli vit ke li vin disponib pou reprezantan resous imèn anplwaye a. Non yon paran legal dwe parèt sou batistè a, yon dokiman legal ki etabli patènite, akò adopsyon oswa lòt dokiman legal ki etabli plasman adopsyon legal oswa adopsyon legal. Sitiyasyon kote yo pa ka bay yon dokiman legal nan moman nesans oswa adopsyon an, oswa nan delè obligatwa a oswa nan yon tan rezonab, apre sa, apwobasyon konje yo pral konsidere sou yon baz ka pa ka. Men kèk egzanp dokiman legal ki pral konsidere: yon rapò nesans; yon batistè; yon lòd adopsyon; akò adopsyon oswa lòt dokiman ki verifye plasman adopsyon legal. Dokiman legal yo bay yo dwe montre dat nesans oswa dat adopsyon an, laj timoun nan moman adopsyon an, ak non paran an (yo).
 - 6) Bay reprezantan resous imèn ajans anplwaye a plis avètisman sou nenpòt chanjman ki fèt nan orè li apwouve oswa nan dat retounen nan travay li.
- b. Si w pa respekte pwosedì ki endike nan seksyon sa a, sa ka lakòz reta oswa refi pou Konje Parantal la.
- c. Reprezantan resous imèn ajans lan dwe:
- 1) Kominike opsyon konje ki disponib ak anplwaye a nan sèt (7) jou ouvrab apre li resewva avi oswa yon demann pou Konje Parantal.
 - 2) Bay anplwaye ki fè demann lan konfimasyon demann Konje Parantal la ak premye apwobasyon an, si sa aplikab, nan sèt (7) jou ouvrab apre respasyon.
 - 3) Kenbe sipèvizè anplwaye a okouran de nenpòt revizyon nan yon demann Konje Parantal.

6. Eksklizyon oswa Eksepsyon

- Nan ka ta gen plizyè nesans oswa adopsyon (pa egzanp, nesans oswa adopsyon marasa) ki fèt kòm yon sèl evènman, longè Konje Parantal la rete 12 semèn kalandriye pou nesans oswa adopsyon miltip sa a.
- Anplwaye yo pa elijib pou 12 semèn Konje Parantal peye pou chak plasman adopsyon legal ak pou adopsyon legal menm timoun (yo).
- Mè Pòtèz ak donatè espèm yo eskli nan kouvèti règleman sa a.

- Adopsyon yon timoun ki gen plis pase sis (6) lane eskli nan kouvèti règleman sa a.
- Yon anplwaye pa ka sèvi ak Konje Parantal pou kouvri yon absans ki soti nan yon sispansyon disiplinè administre.
- Yon anplwaye pa elijib pou Konje Parantal ki peye pou plasman timoun k ap pran swen adoptif (foster care).

7. Difizyon ak Fòmasyon

- Anplwaye yo dwe li epi konfimen yo resevwa règleman sa a nan Delaware Learning Center, oswa si li pa aplikab pa lòt mwayen, nan peryòd tan yo deziyen.
- Dirijan Ajans DHR yo pral revize règleman sa a ak nenpòt moun ki endike nan Seksyon 2 Règleman. Dimansyon ki pa resevwa mesaj DLC.

8. Rapò Done

- Reprezantan resous imèn ajans lan dwe:
 - 1) Enskri nan PHRST: dat nesans oswa adopsyon, kèlkeswa si timoun nan enskri nan Pwogram Asirans Sante Gwoup Eta Delaware la; dire Konje Parantal anplwaye a ki gen ladan dat pa entèmitans.
 - 2) Ekri nan PHRST dat kòmansman anplwaye a, dire, ak dat fen Konje Parantal la.
- Depatman Resous Imèn dwe soumèt yon rapò anyèl bay Asanble Jeneral la ak Gouvènè a sou pwogram Konje Parantal la.

9. Règleman/Regilasyon/Enfòmasyon Asosye

- [Ak sou Konje Fanmi ak Medikal \[Family and Medical Leave Act \(FMLA\)\]](#)
- [Règ ak Regilasyon Pwogram Asirans Andikap \(Disability Insurance Program Rules & Regulations\)](#) [Andikap pou Tèm Kout (Short-Term Disability)]
- [Règ Elijiblite ak Enskripsyon GHIP \(GHIP Eligibility and Enrollment Rules\)](#) [Pwogram Asirans Sante Gwoup (Group Health Insurance Program)]
- [Règleman ak Pwosedilwa sou Ekite Travayè Ansent yo \(Pregnant Workers Fairness Act Policy and Procedures\)](#)

10. Apendis ak Fòm ki Asosye ak Règleman sa a

- [Fòm Demann Konje Parantal \(Parental Leave Request Form\)](#)
- [Kesyon yo Poze Souvan sou Konje Parantal yo \[Parental Leave Frequently Asked Questions\]](#) (FAQs)

11. Pwopriyetè Politik

- Non Divizyon: Divizyon Jesyon Talent
- Pwopriyetè politik: Administratè Angajman Anplwaye
- Sitwèb: [DHR - Employee Engagement \(delaware.gov\)](https://delaware.gov)

Règleman sa a pa fèt pou kreye okenn dwa endividyèl oswa kòz aksyon ki pa deja egziste epi ki pa rekonèt dapre lwa Leta oswa Federal. Si gen yon konfli ak, sa vle di, lwa a oswa règleman ak règleman sa a, lwa a ak / oswa règleman yo gouvène.